



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN VANT AN DETAY KANABIS POU ADILT ITILIZE

Housing Works, yon òganizasyon san bi likratif ki sipòte Nouyòkè ki se ansyen prizonye, pou fè premye vant kanabis yo nan Manhattan nan dat 29 desanm

Konplete chèn apwovizyonman kanabis Inisyativ Opòtinite pou Plante a te lanse

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke lavant kanabis legal ak règleman pou adilt yo pral kòmanse 29 desanm nan yon dispansè nan Manhattan, ki jere pa Housing Works, pi gwo òganizasyon sèvis VIH/SIDA ki kontwole pa minorite yo nan peyi a ak pi gwo òganizasyon sèvis VIH/SIDA nan kominote a. Òganizasyon san bi likratif la, ki baze nan Vil New York, opere yon seri sèvis dirèk ak sipò pou moun k ap viv ak VIH/SIDA, moun ki san kay, ki se ansyen prizonye, ak moun ki enplike nan lajistis. L ap jere tou yon rezo vitrin vant an detay charitab.

"Nou te defini yon trajektwa ki gen sèlman nèf mwa pou byen kòmanse mache kanabis pou adilt itilize nan New York la nan priyorize ekite, epi kounye a, n ap akonpli objektif sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Endistri a pral kontinye grandi soti isit la, kreye opòtinite enklizif nan chak kwen nan Eta New York avèk revni ki dirije nan lekòl nou yo ak revitalize kominote yo".

Evènman istorik sa a pral make yon etap enpòtan nan [Inisyativ Opòtinite pou Plante](#) (Seeding Opportunity Initiative, SOI), ki te fèt pou mete New York sou yon chemen pou atenn objektif Lwa New York sou kanabis nan bati yon endistri kanabis pou adilt ki konpanse domaj ki soti nan enpak entèdiksyon kanabis ki te fèt yon fason ki pa pwopòsyonèl.

Gouvènè Hochul te anonse nan mwa mas, inisyativ la te bay 280 kiltivatè familyal lisans pou yo kiltive premye kanabis pou adilt itilize nan Eta New York. Premye dispansè pou adilt itilize ki gen lisans nan New York pral vann pwodui kanabis ki teste epi ki pi an sekirite sa yo, ke swa operatè biznis ki gen siksè posede, oswa yon manm fanmi pwòch, ki gen yon kondanasyon pou kanabis (lajistis enplike); oswa òganizasyon san bi likratif ki bay sèvis pou moun ki te blese nan aplikasyon inegal lalwa pou entèdiksyon kanabis.

Pou kalifye, òganizasyon san bi likratif yo, tankou Housing Works, bezwen tou gen omwen yon manm konsèy ki enplike nan lajistis epi kreye opòtinite pwofesyonèl pou moun ki gen yon kondanasyon pou mariwana. Housing Works te sèvi Nouyòkè ki enplike lajistis yo depi kòmansman li an 1990 atravè sèvis dirèk ak inisyativ defans. Jodi a, Inisyativ Jistis Housing Works la adapte sèvis san bi likratif yo pou satisfè bezwen moun ansyen prizonye yo, ki gen ladan moun ki gen kondanasyon pou mariwana.

Prezidan Konsèy pou Kontwòl Kanabis la, Tremaine Wright, te deklare, "Mwen kontan dèske yon òganizasyon ki san bi likratif tankou Housing Works, avèk sipò li pou ansyen prizonye yo, pral ouvri wout la avèk lavant yo. Kòmansman lavant atravè Inisyativ Opòtinite pou Plante a se jis kòmansman ekosistèm solid n ap bati a - mache ekitab ak enklizif la ap grandi soti isit la avèk sipò toupatou pou asire lisansye yo kapab simonte baryè yo epi konstwi nouvo endistri sa a".

Manm Konsèy Kontwòl Kanabis, Jen Metzger, te deklare, "New York ap pran bon chemen pou konstwi endistri kanabis legal li a, avèk premye dispansè vant an detay yo nan eta a ke antreprenè ak òganizasyon san bi likratif yo ap opere ki dedye pou sèvi kominote yo epi bay sante piblik la priyorite. An menm tan, n ap ranfòse lyen ki genyen ant kominote iben ak kominote riral nou yo nan benefis konsomatè yo, estoke etajè yo nan premye dispansè sa yo avèk kiltivasyon dirab, bon jan kalite, kanabis ki te grandi nan solèy ki te kiltive sou fèm piti ak familyal yo nan New York".

Manm Konsèy Kontwòl Kanabis, Jessica Garcia, te deklare, "Lè nou pozisyone antreprenè kapital ki enplike lajistis yo kòm premye moun pou fè vant, sa mete New York sou bon pis pou reponn ak objektif Lwa sou Kanabis New York la pandan n ap bay pwoteksyon pou travayè nan endistri a lè nou kreye wout pou karyè nan sendika kanabis. Sa a se yon gwo, premye etap pou endistri kanabis n ap konstui nan New York la - se yon etap enpòtan epi se sèlman kòmansman an".

Manm Konsèy Kontwòl Kanabis, Adam Perry, te deklare, "Se yon istwa an konstriksyon pandan n ap travay pou rezoud domaj ke entèdiksyon kanabis te lakòz epi mete anplas totalman objektif Lwa sou Kanabis New York la. Se bon kòmansman pou endistri a epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak ekip nou an pou sipòte tout kalite lisans pou asire ke non sèlman n ap bay lisans a antreprenè ekite sosyal yo, men tou n ap etabli yo pou siksè alontèm".

Chris Alexander, Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis la, te deklare, "Mwen fyè de chèn apwovizyonman nou te konstwi depi nan kòmansman an atravè Inisyativ Opòtinite pou Plante a lè nou konte sou kiltivatè fanmi yo ak moun ki enplike lajistis yo ak òganizasyon ki san bi likratif yo ki sipòte yo, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Lejislati a pou sipò yo nan pèmèt li reyalize. Non sèlman nou te mete fen nan entèdiksyon an nan New York, men tou nou ap montre nasyon an, ak mond lan, kijan pou yo bati yon mache ki vrèman ekitab ak enklizif, epi travay pou elimine domaj yo ke aplikasyon lalwa yon fason ki pa pwopòsyonèl sou entèdiksyon kanabis te lakòz. Chak dola ki depanse nan endistri k ap grandi sa a pral ede sipòte biznis endepandan, lekòl nou yo ak kominote nou yo".

Senatè Eta Liz Krueger te deklare, "Mwen kontan wè kòmansman vant an detay kanabis adilt yo, epi Housing Works pral lanse premye magazen an. Plizyè deseni travay avèk kominote majinalize yo fè yo tounen yon patnè pafè nan efò pou asire ke mache kanabis New York la ofri opòtinite enpòtan pou moun politik sou kriminalizasyon kanabis nan tan pase ki te echwe yo te lakòz".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Anons istorik jodi a se yon gwo devlopman nan etabli yon ekonomi kanabis nan New York ki santre sou jistis ak ekite jan yo prevwa nan Lwa sou Règlemantasyon Mariwana ak Taks epi Inisyativ Opòtinite pou Plante a. Mwen kontan pou Housing Works ak lòt moun ki enplike lajistis ak òganizasyon san bi likratif yo ki pral byento ouvri pòt yo bay piblik la pou achte pwodwi kanabis ki an sekirite ak fyab. Premye chèn apwovizyonman kanabis New York kiltive lakay ki fèk fini sa a se jis kòmansman sa ki sètènman pral tounen yon nouvo endistri pwospè ak ekitab".

Charles King, Direktè Egzekitif Jeneral Housing Works, te deklare, "An reyalye, nou se yon kominote gerizon ki devwe pou bay lojman, swen sante ak pwogram pwofesyonèl pou Nouyòkè yo. Opòtinite sa a pral non sèlman bay ekip nou an resous pou fè avanse misyon jeneral nou an, men tou pou prezante ak elve pwodwi ki soti nan LGBTQ+, BIPOC ak mak kanabis fanm ap dirije atravè eta a".

Sasha Nutgent, Manadjè Magazen Housing Works Cannabis Co, te deklare, "Sa a se yon moman ki rive yon sèl fwa nan lavi. Kidonk, misyon san bi likratif nou an rete osi ijan ke sa te janm ye anvan. Nou pa ka tann pou nou dirije inisyativ la kòm yon modèl ekite sosyal pou endistri kanabis Etazini an, espesyalman avèk pratik anbochaj nou yo ak sipò kontinyèl bay moun ak kominote yo ke lagè enjis kont dwòg te afekte yon fason ki pa pwopòsyonèl".

Housing Works ki opere vitrin lan sitiye nan 750 Broadway nan katye Astor Place. Tout lajan ki sòti nan lavant dispansè yo pral dirije bay òganizasyon paran Housing Works, Inc., ki te fonde an 1990 pou konbat kriz VIH/SIDA ak sanzabri yo. Òganizasyon san bi likratif otonòm lan bay opòtinite travay, defans legal ak lojman konplè ak sèvis sante finanse, an pati, pa revni ki soti nan magazen ekonomi li yo, libreri SoHo ak kounye a dispansè kanabis li yo. Avèk yon konsantrasyon sou konpasyon ak eliminasyon estigmatizasyon, Housing Works fè efò pou fè avanse endistri kanabis la nan sipòte bezwen pratik nan kominote yo atravè yon apwòch ki baze sou ekite ak rediksyon domaj.

Yo rekonèt bilding istorik, ki kouvri 4,400 pye kare, kote dispansè a pral sitiye a kòm 1 Astor Place, ki te fini an 1883. Housing Works Cannabis Co pral akeyi kliyan yo avèk yon eksperyans entwodiksyon sou fè acha pandan ouvèti a, avèk plan ak anpil atansyon pou bati yon espas elaji ak byen òganize amezi pwodwi kanabis yo ap vin pi disponib.

Housing Works Cannabis Co, ki chita nan 750 Broadway nan katye Astor Place Manhattan nan, pral ouvri sèt jou pa semèn, 11 a.m. a 7 p.m. Orè yo pral ajiste nan semèn k ap vini yo. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Jiska prezan, Konsèy Kontwòl Kanabis Eta New York la apwouve 36 Lisans Kondisyonèl pou Dispansè Vant an Detay pou Adilt Itilize, ki gen ladan 28 pou biznis ki kalifye yo ak 8 pou òganizasyon san bi likratif yo. Nan kòmansman mwa sa a, Biwo Jesyon Kanabis la te pibliye [gid](#) pou sipòte biznis vant an detay nan kòmanse operasyon yo ak sèvis livrezon pou ede kòmanse vant yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418